УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№22 (13884)

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 30, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу — Росгвардием и Махуэм

Фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ!
Росгвардием и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмрэ дывохъуэхъу!

***Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я зауэ къулыкъущIэхэ, я лэжьакIуэхэ, я ветеранхэ!***

*Нобэрей махуэр апхуэдэу гъэпсащи, фи къулыкъу пщэрылъхэр фи хэгъуэгухэм зэрыщыфхьым къинэмыщIауэ, фэ зауэлI къалэнхэри щывогъэзащIэ Урысейм деж экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэр щыхъумэным, жылагъуэ дауэдапщэхэр щызэхашэкIэ бэдауш шынагъуэншагъэр къызэфIэгъэкIыным, хэгъуэгущIэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын здыхуей щIыпIэхэм.*

*Гугъуехь псоми ямылъытауэ, фэ хьэлэлу фогъэзащIэ къэралым и конституцэ лъапсэхэр хъумэным хуэунэтIауэ къыфхуагъэув къалэнхэр, къэрал кIуэцIым къыщызывогъэпэщ жылагъуэ Iэдэбыр, фыщытщ Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэу цIыхухэм я мамырыгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ я къэрэгъулу. ЛIыгъэ зэрызэрахьэм, я къулыкъу къалэнхэр пылъхьэншэу зэрагъэзащIэм къыпэкIуэу, Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ куэдым къыхуагъэфэщащ къэрал саугъэтхэр.*

*Шэч къытетхьэкъым адэкIи Къэрэшей-Черкесымрэ Урысей Федерацэмрэ я хьэлэмэт хэлъу къыфхуагъэув къалэнхэр псынщIэу, IэпщIэлъапщIэу, тегъэчынауэ зэрывгъэзэщIэнум. Росгвардием и ветеранхэр щIалэгъуалэмкIэ щытынущ тегъэщIапIэ пщIы хъууэ, гъащIэ зэхэщIыкI ин зиIэ узэщIакIуэрэ унэтIакIуэу.*

*ХэщIыныгъэншэу урекIуэкI фи къулыкъур! Дыфхуоупсэ фэри, фи унагъуэхэми мамырыгъэкIэ, фIыгъуэкIэ, узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщрэкIэ.*

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

# Икърарыр къабэкIыу

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ УФ-м и Лъэпкъ гвардиер къыщагъэщIа махуэм теухуауэ щыта Iуэхугъуэхэм.**

Хабзэхъумэ дзэхэр къызэрагъэщIрэ илъэс 213-рэ, УФ-м и Лъэпкъ гвардиер — илъэси 8 зэрырикъум теухуауэ зэIущIэ екIуэкIам хэтащ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, КъЧР-м щыIэ Росгвардием и Управленэм и унафэщIыр, къулыкъум хэтхэмрэ и ветеранхэмрэ.

Республикэм и Iэтащхьэр къызэхуэсахэм яхъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ: «Лъэпкъ гвардиер къызэрагъэщI лъандэрэ зэфIэкI лъагэхэр зыIэригъыхьащ, и лъэкIыныгъэхэр инщ. Ахэр нобэ хуегъэлажьэ Урысейм и лъэпкъ шынагъуэншагъэм. Ветеранхэм я зэфIэкIхэр, Хэкум хуаIэ икърарыр икъукIэ сэбэп хуохъу нобэ къулыкъу зыщIэхэм я IэщIагъэкIэ нэхъри заузэщIыным».

Темрезов Рэшид фIыщIэ псалъэ щхьэхуэкIэ къыхигъэщащ зи къулыкъу къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ Iыхьлы-Iэулэдхэмрэ.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм «Заслуженный работник государственной службы КЧР» щIыхьыцIэкIэ, ЩIыхь, ФIыщIэ тхылъхэмкIэ къыхигъэщащ зи лэжьыгъэкIэ щапхъэгъэлъагъуэхэр.

Росгвардие Управленэм и унафэщI Яковлев Руслан и къулыкъущIэгъухэм захуигъэзащ хъуэхъу псалъэхэмкIэ, лэжьэкIэфIым, хьэл-щэныфIагъым и щапхъэхэм яхуигъэфэщащ къэрал, къулыкъу нагъыщэхэр.

Иужьым, Темрезов Рэшид, Иванов Александр, Яковлев Руслан сымэ яIущIащ къулыкъу зыщIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм. Темрезов Рэшид ахэр къигъэгугъащ зи гугъу ящIа, къаIэта псалъэмакъ дэтхэнэри и нэIэм зэрыщIигъэтынумкIэ, зыщIэупщIахэр зэрызэфIагъэкIынумкIэ. Къыхигъэщащ зи къулыкъу зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэныр зэрыкъалэн пажэр.

«ИгъащIэкIи дигу илъынущ ди хэкуэгъу хэкIуэдахэр икIи абыхэм я унагъуэхэм сыткIи защIэдгъэкъуэнущ», — жиIащ хэгъуэгум и лIыщхьэм.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Гулъытэ

# ХьэщIэхэр къерегъэблагъэ



Къэрэшей-Черкесым къеблэгъащ Белгород областым къикIа хьэщIэхэр. Псори зэхэту нэрыбгэ 238-рэ, абыхэм ящыщу 100-м щIигъур сабийщ. Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хьэщIэхэм яIущIащ, я упщIэхэм жэуап яритащ.

ХьэщIэхэм къыхузэрагъэпэщащ псэукIэ хьэлэмэт: махуэм плIэрэ ягъэшхэнущ, я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщащ. Медицинэ, психологие я лъэныкъуэкIэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр ягъуэтынущ.

ЕджапIэ ныбжьым ит сабийхэр Тебэрдырэ Домбайрэ щеджэнущ.

**Зыгъэхьэзырар ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэщ**

ЗэIущIэ

**КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ Чайка Юрий иригъэкIуэкIа, Советым и зэIущIэм.**

# Унафэхэр — нэIэм

Видеоконференц щIыкIэу екIуэкIа зэIущIэм хэтащ УФ-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ хъумэныгъэмрэкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Баталинэ Ольгэ, Ростехнадзор кавказ управленэм и унафэщI Цалиев Алан.

Зыхэплъа упщIэхэм ящыщщ унагъуэ быныбэхэм ядэIэпыкъунымкIэ УФ-м и Президентым ищIа унафэхэр гъэзэщIэныр, 2024 гъэм мафIэс, псыдзэ къэхъужыкъуэмэ, абыхэм зэрапэщIэтынур, лъэужьхэр зэрагъэзэкIуэжынур.

Чайка Юрий къыхигъэщащ унагъуэ быныбэхэм дэIэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ ягъэгъуэтынымкIэ къэрал мыхьэнэ зиIэу лэжьыгъэ куэд зэрызэфIахыр.

Унафэ щхьэхуэхэр къахьащ, ахэр хэгъуэгум и Iэтащхьэм и нэIэм щIигъэуващ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Шынагъуэншагъэ

# Терророым пэщIэт комиссэ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым Терророым пэщIэт комиссэм хэтхэм я зэIущIэ.

Абы хэтащ Правительствэм и министрхэр, шынагъуэншагъэ, хабзэхъумэ къулыкъухэм я щIыналъэ дзэ пакIэхэм я унафэщIхэр, къалэхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр къызэIуахащ «Крокус Сити Холл» концерт пэшым къыщыхъуа терактым хэкIуэдахэм яхуэгъэза щыгъуэ дакъикъэкIэ.

Зытепсэлъыхьа Iуэхухэм ящыщщ промышленностым и псэуалъэхэр, транспорт инфраструктурэр, гъэсын-энергетическэ комплексыр, цIыху куэд здызэхуэс щIыпIэхэр, еджапIэ къулыкъущIапIэхэмрэ узыншагъэр хъумэным пылъ организацэхэмрэ терророым зэрыщахъумэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным.

ЗэIущIэм хэтахэр щхьэхуэу къытеувыIащ турист индустрием и псэуалъэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм.

**Ди корр.**

ЩIалэгъуалэм и Илъэсым

# НыбжьыщIэ зэчиифIэхэм яIущIащ

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид яIущIащ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэу Дамир, Иринэ, Аланэ сымэ. Ахэр хуейт республикэм и Iэтащхьэм и лэжьэгъуэ махуэр зэрекIуэкIыр зрагъэлъагъуну.**

Дамир республикэм и унафэщIым елъэIуат «прямой эфир»-м щыгъуэ, Иринэрэ Аланэрэ я лъэIур щIалъхьат Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и хьэрычэткIэ къагъэува «ХъуэпсапIэ псейм» и лъабжьэм.

ЗэIущIэр екIуэкIащ гуапэу. НыбжьыщIэхэм я щхьэ Iуэхухэр республикэм и Iэтащхьэм хуаIуэта къудейкъым, абыхэм къуагъ ящIакъым къэкIуэнум хуэгъэзауэ яIэ мурадхэри.

Апхуэдэу, Дамир бэрэбанэ йоуэ, лъэпкъ къафэхэм дехьэх. Аланэ едж бзэхэр, мэджэгу шахмат, Дамир хуэдэу ари дехьэх Кавказ лъэпкъ къафэхэм, балигъ хъумэ, кондитеру еджэн и мурадщ.

Иринэ макIуэ иджырей къафэхэм я кружокым, пылъщ парэ блэным, дяпэкIэ хъыджэбз цIыкIур хуейщ гъэсакIуэ хъуну.

Темрезов Рэшид абыхэм ящыщ дэтхэнэми иритащ саугъэтхэр, яхуигъэфэщащ хъуэхъу псалъэхэр.

ФIэщхъуныгъэ къигъэлъэгъуащ абыхэм къэкIуэну дахэ къазэрыпэплъэмкIэ, жиIащ республикэм и унафэщIхэр сыт щыгъуи зэрагъусэнур, я къыщIэдзэныгъэхэмкIи дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъунур.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Къулыкъу



# Дэшыгъуэ кампанэр

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и военкоматым гъатхэпэм и 26-27 махуэхэм инструктор-методическэ зэхуэсхэр щекIуэкIащ.**

Лэжьыгъэм хэтащ къулыкъум дэшынымкIэ комиссэхэм я тхьэмадэхэр, муниципальнэ къэхъугъэхэм я военнэ комиссархэр, администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я къуэдзэхэр, медицинэ лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ 2023 гъэ дэшыгъуэ кампанэр зэрызэфIэкIар, абы къэрикIуамрэ мы гъэм гулъытэ зыхуэщIыпхъэмрэ. ЯгъэнэIуащ 2024 гъэм и гъатхэ къулыкъу дэшыгъуэ кампанэм и къалэнхэр. Ар мэлыжьыхьым и 1-м щIидзэнущ.

Гъатхэ кампанэм къриубыдэу, Къэрэшей-Черкесым щыщу къулыкъум ираджэнущ нэрыбгэ 350-м нэс. Мыгъэрей дэшыгъуэм зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ. Иджы илъэс 30-м нэгъунэ ныбжьым фIэмыкIа цIыхухъухэр къулыкъум дашынкIэ хуитщ. Апхуэдэ щытыкIэр, къалэнхэмрэ гулъытэ зыгъуэтыпхъэ лъэныкъуэхэмрэ наIуэ ищIащ, къулыкъу дэшынымкIэ кампанэр фIагъ лъагэ иIэу, хабзэм тету ирагъэкIуэкIыныр и купщIэу инструктор-методическэ зэхуэсхэр зэрырагъэкIуэкIыр къыхигъэщащ республикэм и военком нэхъыщхьэ, полковник БЕЛОБОРОДОВ Сергей.

➦ 2

ЗэIущIэ

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид IущIащ Урысей Федерацэм къызэрымыкIуэ къэхъугъэхэмкIэ и Министерствэм (МЧС-м) Къэрэшей-Черкесым щиIэ и Управленэ Нэхъыщхьэм и унафэщI Голоколенко Александр.**

# Псыдзэм, мафIэсым пэщIэтыным

Ахэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и МЧС-м и Iэтащхьэ Куренков Александррэ Темрезов Рэшидрэ Москва къалэм зэрыщызэIущIам.

Голоколенко Александр къытеувыIащ МЧС-м и хэгъуэгу къудамэр 2024 гъэм и гъатхэ-гъэмахуэ пIалъэхэм щыIэнкIэ хъуну псыдзэ, мафIэс шынагъуэхэм пэджэжыным зэрыхуэхьэзырым. Ахэр ирипсэлъащ гъатхэгъэмахуэ пIалъэхэм нэхъыщхьэу къагъэсэбэп Домбай, Тебэрды, Архъыз курортхэм къакIуэ туристхэмрэ хьэщIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным епха Iуэхухэми.

Щхьэхуэу къаIэтащ УФ-м и МЧС-м и лэжьакIуэхэмрэ къегъэлакIуэ-доброволецхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным епха Iэмалхэр зэрызэрахьэнум и упщIэхэр.

Темрезов Рэшид и унафэм щIэт къулыкъущIэхэм я пщэ ирилъхьащ мы Iуэхур хэгъэщхьэхукIауэ я нэIэм щIагъэтыну.

Абы щIыгъуу, Министерствэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, IэпщIэлъапщIэу икIи фIагъ хэлъу я къалэнхэр зэрагъэзащIэм папщIэ.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Урысейпсо зэпеуэ

# ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэр



**Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ябгъэдэлъ сэнаущымрэ лъэкIыныгъэу яIэмрэ сэтей къэщIынымкIэ, абыхэм ядэIэпыкъунымрэ загъэужьынымрэкIэ Черкесск къалэм дэт «Спутник» Купсэм щагъэбелджылащ «2024 гъэм Урысейм и егъэджакIуэ» Урысейпсо IэщIагъэ зэпеуэм и хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэм кърикIуар.**

Зэпеуэр хуэгъэпсащ егъэджэныгъэм нобэ къыщагъэсэбэп бгъэдыхьэкIэхэр къэгъэщIэрэщIэнымкIэ педагогхэм яIэ творческэ лэжьыгъэхэм загъэужьыным, зэрырагъаджэ программэхэм технологиещIэхэр хэпщэным, педагогхэм я IэпщIэлъапщIагъым хэгъэхъуэным.

ЕгъэджакIуэхэм иращIэкIа зэпеуэмкIэ утыку ирахьащ я Iуэху зэхэщIыкIыр. ИкIи, гъэунэхуныгъэ лэжьыгъэхэм къэрикIуамкIэ япэ увыпIищыр зылъысахэм я цIэ ираIуащ: мы гъэм «Урысейм и егъэджакIуэ» нэхъыфIу ди хэгъуэгум къалъытащ Усть-Жэгуэтэ къалэм дэт, зи № 5 курыт еджапIэм математикэмкIэ щезыгъаджэ Коркмазов Заур.

ЕтIуанэ увыпIэр иратащ Ищхьэ Тебэрды курыт еджапIэм информатикэмкIэ и егъэджакIуэ Азаматов Къурмэн.

Ещанэр — Жьакуэ курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Бахътыр Юлэщ *(сурэтым щыволъагъу)*.

**ЛЫХЬ Тимур**

Зыужьыныгъэ

# Къалащхьэм и зэхъуэкIыныгъэхэр

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид зэIущIэ иригъэкIуэкIащ Черкесск къалэм и социально-экономическэ зыужьыныгъэм теухуауэ.

Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым и Правительстэм и тхьэмадэ Аргун Муратрэ республикэ къалащхьэм и мэр Баскаев Алексейрэ.

Мэрыр къытепсэлъыхьащ Черкесск къалэм и зыужьыныгъэм тещIыхьа планхэм. Ахэр зэфIагъэкIынущ ягъэнэхъапэ лъэпкъ проектхэм я къэухьым иту, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ: еджапIэхэр, къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэр, сабий творчествэм и Купсэр капитальнэу зэгъэзэхуэжыныр, жылагъуэ утыкухэр зэгъэпэщыжыныр, унэхэмрэ гъуэгухэмрэ зэтегъэпсыхьыжыныр, жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр.

Мэлыжьыхьым зэтрагъэпсыхьыжынущ «ХытIыгу ЩхъуантIэ» щэнхабзэ, зыгъэпсэхупIэ паркым и гуэл хъурей цIыкIум и хъуреягъыр.

Урысей Федерацэм и Президентым мы гъэр унагъуэм и Илъэсу зэригъэувам и фIыгъэкIэ, зэрагъэзэхуэжынущ Черкесск къалэм и сабий поликлиникэри. Ауэ нэхъапэу зэтрагъэпсыхьынущ республикэм и IэзапIэ къулыкъущIапIэ хэхахэм сабий сымаджэхэр зэрагъэкIуэну Iэмалхэмрэ кIуэрабгъухэмрэ.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ республикэ къалащхьэм и юбилейр 2025 гъэм зэрагъэлъэпIэнум зыхуэгъэхьэзырыным епха упщIэри. «Черкесск къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 200 щрикъур зэрагъэлъэпIэнум теухуа» унафэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Iэпэ щIидзащ.

Темрезов Рэшид шэч къытрихьэкъым зэхалъхьа проекткэмрэ зыхуагъэувыжа планхэмрэ я фIыгъэкIэ юбилейр хэгъуэгум и къалащхьэм и экономикэмкIэ, медицинэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ спортымрэкIэ щIэгъэпсынщIэныгъэ Iэмалу зэрыщытынум.

# ХъыбарегъащIэ

2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) 2-м сыхьэтыр 10-00-м Черкесск къалэм дэт Правительствэм и Унэм и Пэшышхуэм КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и еханэ зэхуэшэсыгъуэм и зичэзу 54-нэ сессиер щекIуэкIынущ.

Абдеж щыхэплъэнущ:

«Об отчете Министра внутренних дел по Карачаево-Черкесской Республике о проведенной работе по охране общественного порядка и обеспечению безопасности на территории Карачаево-Черкесской Республики за 2023 год», нэгъуэщI упщIэхэми.

ЖьантIэ — Унагъуэм и Илъэсым

# Ди къуажэм дэс жьыщхьэ махуэ



***Мы тхыгъэр стхын щызублэм, си гур зэуэ жащ уэрэджыIэ Молей Алихъанрэ адыгэр зэрыгушхуэ пшынауэ лъэщ Лосэн Тимуррэ ягъэзащIэ «Жьыщхьэмахуэ» уэрэдым и псалъэхэмкIэ.***

*СрокIуэ зы гъуэгу, сыгугъэу сопсэу,*
*КъыщIохьэ си нэгу блэкIар.*
*Зи жьауэ згъуэта, зи псалъэ слъыта,*
*Си япэ ита сиIащ!*

***Зауэ зэманым халъхуам, ныбжь дахэм нэсам хуэгъэзауэ тха сатырхэр дэтхэнэ нэхъыжьми епхьэлIэну йокIу. ИкIи, хэти къызэрыгурыIуэнум хуэдэу ахэр ухуащи, жьантIэр зейм дэкIыпIэрэ ехыпIэу и гъащIэм хэта гугъуехьхэр гурыIуэгъуэу уи нэгу къыщIагъэувэ.***

ГъукIэмыхъухэ Чэшифрэ Iэминатрэ я мэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъухьащ Алий, Умар, Iэубэчыр сымэ. Абыхэм ящыщу дэ нэIуасэ фызыхуэтщIыну, фигу къэдгъэкIыжыну дызыхуейр Алийщ. Ар 1934 гъэм мазаем и 23-м Къэрэшей районым хыхьэ Хъумэрэ къуажэм щыщ унагъуэ къызэрыгуэкIым къихъухьащ.

Алий и адэр Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Керчь къалэр хуит къыщащIыжым хэкIуэдащ, абдежи щыщIалъхьэжащ. Зауэр зэриухрэ илъэс пщIы бжыгъэ дэкIыжа нэужьщ зэкъуэшхэм я адэм и кхъащхьэр зрагъэлъагъуну ХыфIыцIэ Iуфэм щыкIуэфар.

Алий къуажэ еджапIэр 1950 гъэм къеухри, Черкесск къалэм дэт педучилищэм щIотIысхьэ. Илъэсиплl докIри, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру республикэ къалащхьэм дэта институтым еджэным щыпещэ.

Ищхьэ щIэныгъитIи иIэ хъуауэ, щIэблэми и зэхэщIыкIрэ и щIэныгъэрэ ирихьэлIэну хьэзыру, ГъукIэмыхъур физикэмрэ хьисэпымрэкIэ егъэджакIуэу макIуэ езанэ шахтэкIэ зэджэ Орджоникидзе жылагъуэм дэт классибл еджапIэм. А илъэс дыдэми Карачаевск и пединститутым физико-хьисэпымкIэ и факультетыр заочнэу къеухыж.

1958 гъэм, еханэ шахтэм, Мало-Курганнэ дэт классий еджапIэм завучу щолажьэри, Хъумэрэ еджапIэм ирагъэгъэзэж, а IэнатIэ дыдэр зэрихьэну. 1970 гъэм курыт еджапIэм и унафэщIу трагъыхьэри, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу и IэнатIэм пэрытщ 1993 гъэ пщIондэ.

ЕгъэджакIуэу зэрыщытам къыщымынэу, 1980-1989 гъэхэм ГъукIэмыхъу Алий къуажэ советым и тхьэмадэуи тетащ. Верхнекубанскэ совхозым кадрхэмкIэ и къудамэми 1997 гъэм нэгъунэ Iутащ, пенсэм тIысыжыху.

Алийрэ и щхьэгъусэ Любэрэ пхъуитIрэ зы къуэрэ къащIэхъуащ: Фатимэ, Майе, Мурат сымэ. Фатимэ — Налшык къалэм технологическэ колледжыр къыщиухащ. Майе — Ленинград къалэм химико-биологическэ факультетым, Мурат — Къэрэшей-Черкес къэрал университетым физико-хьисэпымкIэ факультетым щеджащ. Дадэ-нанэм къуэрылъху-пхъурылъхуу 11 яIэщ.

Шэчыншэу, егъэджакIуэ IэщIагъэр псэкIэ фIыуэ ялъагъуу сабийхэр къагъэтэджу щыхуежьар зауэнэужь илъэсхэращ. Хъумэрэ еджапIэм щIэныгъэм и лъабжьэр щызыгъэтIылъа лэжьакIуэ псэемыблэжхэм ящыщт: Азнауровэ Зое, Беслъэнейхэ Iэминат, Жэндархэ Хъусин, ГъукIэмыхъу Залым, мы тхыгъэр зытедухуа ГъукIэмыхъу Алийрэ абы и щхьэгъусэ Любэрэ, нэгъуэщI куэди.

Нобэ а еджапIэр ирогушхуэ Къэрэшей-Черкесым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ цIэ лъапIэр зезыхьэу къуажэм дэс нэрыбгэхэми: Президент Саугъэтыр къызыхуагъэфэщауэ щыта Дыгъужь Барэсбийрэ Беслъэней Ритэрэ. Шэч къыпхутехьэнукъым абыхэм я дерсхэмрэ классщIыб лэжьыгъэхэмрэ иджырей егъэджэныгъэ бэзми зэрыхэзагъэм, ар нэхъ щIэщыгъуэрэ бей ящIу.

Алий нобэ и махуэхэр дауэрэ игъакIуэу пIэрэ жытIэу и нысэ Тае дыщеупщIым, къыджиIащ: «Ди унагъуэм илъ Iуэхухэм папэ хэдгъэIэбэкъым. Абы ищIар, лэжьыгъэфIу игъэкIуэтар мащIэкъыми, зрегъэпсэху, и узыншагъэм прелъыж.

Тхьэм и фIыщIэкIэ, си пщыжьри гуащэри къытщхьэщытщ. Ахэр зэрызэдэпсэурэ дяпэгъэ илъэс 70 ирикъунущи, гукъеуэншэу хэти дынигъэс а гуфIэгъуэм. ТIури егъэджакIуэу зы IуэхущIапIэ щылэжьащ. Ди нэхъыжьхэр жьыщхьэ махуэ дахэ хъуащ, бын гукъеуэ ямылъагъуу, абыхэм къатехъукIыжахэм гу щахуэу мэпсэу. Ахэр диIэхун, дэри дамэ ттет, дынасыпыфIэщ. Лъэрытетхэщ, я акъылыр жанщ. ЖыпIэнурамэ, ди дадэ жылагъуэ Iуэхузехьэу щыщыта лъандэрэ и чэнджэщ хуэныкъуэу ди деж куэд къокIуалIэ. Азбару ещIэж и лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу, къыдалъхуауэ иIэр хэт сыт хуэдэ махуэм къэхъуами, хэт сыт ядилъэгъуа-ядигуэщIами», — къыддогуашэ нысэр.

ГъукIэмыхъу Алийрэ журналист Даур Жэхьфэррэ зы курсым хэсу щызэдеджащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес педколледжым (жьымкIэ училищэм). Я зэныбжьэгъугъэр зымащIэкIи зэманым игъэкIэщхъакъым, ену зэпыщIащ, зэщIоупщIэ-зэролъытэ.

Алий, и нэхъыбэм унафэщI IэнатIэ зэрихьа щхьэкIэ, езыр цIыху Iув яхыхьэныр зэгуэрми фIэфIакъым. БлэкIам кIэлъыIэбэжу, зауэ зэманым мытынш ищIа и сабиигъуэм, и адэ-анэм я гугъу щищIкIэ, къэмыдзыхэ, игу къызэфIэмынэ хъукъым. Тае дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, дапщэрэ ди адыгэ телевиденэм и корреспондентхэр дадэм лъагъунлъагъу хуэкIуэну хуемыжьами, идакъым псэлъэгъу закъригъэщIын.

«Пэжыр жысIэнщи, къуажэдэсхэр Iэджэри къытхуокIуэ и чэнджэщхэмрэ и псалъэ Iущхэмрэ хуейуэ, абы унафэ захуэ кърагъэхьыну. Инми цIыкIуми зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ къалъагъу ди дадэ. Езым, зыхуэткIиижыныр, и псалъэ тетыжыныр, цIыхум и пщIэр Iэтыныр, ищIапхъэр и чэзум зэфIигъэкIыныр и хьэлщ сыт щыгъуи», — къыпещэ Тае.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэкIэ IуэхуфIу хузэфIихамрэ и ехъулIэныгъэхэмрэ къыхалъытэкIэрэ, ГъукIэмыхъум бжанэрэ къыхуагъэфэщащ КъЧР-м и Правительствэми, хэгъуэгум егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэми къабгъэдэкIа ФIыщIэ, ЩIыхь тхылъхэр.

Си къуажэгъу дадэр мазэ кIуам илъэс 90 ирикъуащ. Дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и унагъуэм фIыгъуэрэ зэIузэпэщрэ илъыну, ипхъухэмрэ и къуэмрэ, абыхэм къатехъукIыжахэм гу ящихуэу псэуну!

**ЛЫХЬ Тимур**

Адыгэхэм я тхыдэм къыхощыж ди лъэпкъым сыт щыгъуэ лъэхъэни лIыгъэ хэлъу, зыщыпсэу къэралым и щIыхьыр ихъумэу къызэрекIуэкIар. Ноби аращ зэрыщытыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэм и лъым хэлъщ щыпкъагъэр, лIыхъужьыгъэр, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIигъэкъуэным зэи шэч къызэрытримыхьэр.

Абы и щапхъэщ СВО-р зэрыщIидзэрэ ди адыгэ къуажэхэм дэкIа щIалэгъуалэм я псэ емыблэжу Хэкур хъумэным, гузэвэгъуэ ихуа цIыхухэм къащхьэщыжыным, нацизмэм, фашизмэм пэщIэтынымрэ гъэкIуэдынымрэ зэрыпэщIэувар. Дауи, зы адыгэ къуажэ республикэм къинауэ къыщIэкIынкъым зи щIалэгъуалэ СВО-м кIуа ямыIэу. ХабзэфIым зэрытету, лъэпкъхэр зэкъуэуvауэ, ди гъащIэм къыхыхьа фашизмэр гъэкIуэдыпэным псэемыблэжу я гъащIэр хуагъэтIылъ.

Шэчыншэу, а зауэ операцэм хэт дэтхэнэри дэркIэ лIыхъужьщ, абыхэм ди Хэкур яхъумэ, мамырыгъэм щIобэн, лIыгъэ мыкIуэщI къагъэлъагъуэ.

АСЛЪЭНХЭ Алий, КъЧР-м и Адыгэ-Хасэм и тхьэмадэ:

## «Къулыкъу щIэным — щIыхь пылъщ»

Хэкупсагъэ

Узыншэу Тхьэм дэтхэнэри я унагъуэм къихьыж!

Ахэр зэбэн фашизмэм и гугъу пщIымэ, «Крокус Сити»-м къыщыхъуа щIэпхъаджагъэр япщэ умыкIуэжыну хьэкIэкхъуэкIагъэщ. Апхуэдэр зыщIам узэрыпэщIэмытынур дауэ? Абыхэм ящыщщ Украинэм и нацистхэм нобэ драгъэкIуэкI бэнэныгъэри. Зы махуи щыдгъэт хъунукъым апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIэхэм ебэныныр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дяпэ къэкIуэну щIэблэр псэун хуейщ мамыр гъащIэм, нацист Iуэху бгъэдыхьэкIэ ямылъагъуу, зыхамыщIэу.

Къэсщтэнщи, дызэрысабий лъандэрэ дызыщIапIыкIар ди адэшхуэхэм Хэку зауэшхуэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэхэращ, яхэлъа лIыгъэращ, зыщалъхуа щIыналъэм хуаIэ фIылъагъуныгъэращ. А хэкупсагъэр тхэлъу дэри дыкъэтэджащ. Хэкум къулыкъу хуэтщIэным пщIэ ин, щIыхь лъагэ зэрыпылъыр зыхэтщIэу дыкъэхъуащ. Абы и щапхъэ диIэти… Къулыкъу зымыщIам, сощIэж, фэ ираплъу щытакъым. Иджы, дэ къытщIэхъуэжахэми къагъэлъагъуэ Хэку фIылъагъуныгъэ къызэрымыкIуэ. Ар уасэншэщ.

Хэкум къулыкъу хуэщIэныр сыт щыгъуи щытащ икIи къонэж къызэрымыкIуэу пщIэ лъагэ иIэу, щIыхьрэ жэуаплыгъэрэ зыпылъу. Нобэ ди къулыкъущIэхэм къагъэлъагъуэ гуеигъэращ иджырей ди щIэблэщIэр зыщIэтпIыкIын, зыдэдгъэплъеин хуейр. Ар хэти ди къалэнщ.

1 ↶

Къулыкъу

# Дэшыгъуэ кампанэр

— Къалэн пажэу къытпэщытщ къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и къарур къэтIэтыныр. Ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIалэгъуалэр военнэ къулыкъум хуэдгъэхьэзырыным, къулыкъум дэшынымкIэ ди пщэ кърахьэхэр зэфIэтхыным, — жиIащ республикэм и военкомым.

Белобородовым и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхигъэщащи, илъэс къэси зэхашэ къулыкъум хуэгъэхьэзырынымкIэ, дэшынымкIэ зэхьэзэхуэ. Абы иужькIэ, мы гъэм мазаем ирагъэкIуэкIа къэпщытэжыныгъэм ипкъ иту, хэгъуэгу 19-м Къэрэшей-Черкес Республикэм ещанэ увыпIэр щиубыдащ.

2023 гъэм дэшыгъуэ кампанэм хуагъэнэIуа къалэнхэри щызу республикэм зэригъэзэщIар, абы зи гуащIэ хэлъ дэтхэнэми фIыщIэ псалъэкIэ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид зэрыпэджэжари Белобородовым и гуапэу къыхигъэщащ. Абы къыдэкIуэу ныкъусаныгъэми зэIущIэм хэтахэм гу лъаригъэтащ.

— ЗыгъэзащIэ властхэмрэ военнэ комиссариатхэмрэ фIыуэ зэрызэдэмылажьэм къыхэкIыу, щIалэгъуалэм и зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэр, военнэ къулыкъум хуэхьэзырынымкIэ щытыкIэр, узыншагъэр лъахъшэу къонэ. ЛъэпощхьэпохэмI я гугъу ящIкъым, дяпэкIэ зытелэжьэнур ягъэнаIуэкъым, щIалэгъуалэм гулъытэ нэс хуащIкъым. Апхуэдэм и зы щхьэусыгъуэщ къулыкъум дэкIыным зыпыIузыдзхэр, зызыгъэпщкIухэр зэрыдиIэр, абы къыхэкIыу район щхьэхуэхэм къулыкъум дэшынымкIэ къатехуэ къалэныр зэрахуэмыгъэзащIэр. ЗыщыдгъэгъупщэхъунукъымI — зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ контракт къулыкъум еджэнымкIэ главнокомандующэ Нэхъыщхьэм къытхуигъэув къалэнхэри дгъэзэщIэным, — жиIащ военкомым.

Зэхьэзэхуэм хэтахэм ящыщу республикэм и муниципальнэ къэхъугъэ нэхъыфIу лэжьахэм я цIэ ириIуащ икIи бжьыпэ увыпIэхэри игъэIуащ Белобородов Сергей. Япэ увыпIэр ихьащ Черкесск къалэ округым, етIуанэр Нэгъуей районращ, ещанэ увыпIэр къихьащ Хьэбэз районым.

— Урысей Федерацэм и Президентым ищIа унафэм ипкъ иткIэрэ, 2024 гъэм и бжьыхьэ дэшыгъуэ кампанэр екIуэкIынущ «Единый реестр воинского учета» къэрал хъыбарегъащIэ Iэмалыр къэдгъэсэбэпу, — жиIащ республикэм и военкомым.

2023 гъэм и бжьыхьэ дэшыгъуэ кампанэр къипщытэжащ, 2024 гъэм и гъатхэ кампанэм и къалэнхэр игъэнэIуащ военкоматым цIыхухэр къулыкъум хуэгъэхьэзырынымрэ дэшынымрэкIэ и къудамэм и унафэщI Бахта Евгений. Абы къызэрыхигъэщащи, гулъытэ зыхуэщIыпхъэ лъэныкъуэхэщ къулыкъум сымаджэ, уз зэрыцIалэ, пыхусыху зыпкърыт дэмышыныр, къулыкъум дашынымкIэ хъыбарегъащIэ повесткэр хабзэм тету, мардэхэм иту цIыхум зэрыIэрагъэхьэпхъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ хуэмыхуу лажьэу игъэнэIуащ Зеленчук, Уарп районхэр. Бахта Евгений псори къыхуриджащ военнэ къулыкъум цIыхубэм пщIэ хуищIыным папщIэ гуапагъэ, цIыхугъэ, хабзэ щIэнгъуазэ дэтхэнэми зыхагъэлъыным. Абы къиIэтынущ военнэ цIыхум, къулыкъум и пщIэри, и щIыхьри.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIащи, къулыкъум дашынухэр щIыпIэ зэхуэмыдэхэм, военнэ часть зэмылIэужьыгъуэхэм хэхуэнущ, ауэ текI зимыIэр зыщ — СВО-м яшэнукъым.

Къулыкъум дашхэр зэхуэсыпIэ щIыпIэхэм ерыскъы хуабэкIэ ягъэшхэнущ. Гъуэгум тетыхункIэ яхурикъунум хуэдиз гъуэмылэ иратынущ. Зыхэхуэну дзэхэм елъытауэ зауэлI фащэкIэ хуэпауэ, гъэм и щытыкIэм тегъэпсыхьауэ гъуэгу трагъэхьэнущ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**




Терроризмэм, экстремизмэм пэщIэту

# Дэтхэнэри дызыхуэсакъыпхъэр





Мы гъэм гъатхэпэм Черкесск къалэм дэт курыт еджапIэхэм е 7-11-нэ классхэм хэс еджакIуэхэм онлайн-щIэупщIэныгъэ драгъэкIуэкIащ. УпщIэхэр куэдми, псоми я купщIэр зыт: еджакIуэхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм, динхэм хуаIэ еплъыкIэр убзыхун, терроризм, экстремизм шынагъуэм хуаIэ гупсысэхэр къэтIэщIын, иужьым а псори къызыхэлъыта, щIэблэщIэр Iейм щыхъумэнымкIэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынращ.

ЩIэупщIэныгъэм кърикIуам теухуауэ щытащ гъатхэпэм и 21-м Черкесск къалэм ЩэнхабзэмкIэ и Унэм щекIуэкIа, «Деструктивное поведение подростков и молодёжи: современные вызовы и пути противодействия» семинар-зэIущIэр.

Гъатхэпэм и 6-м еджапIэхэм щрагъэкIуэкIа онлайн-щIэупщIэныгъэм къызэщIрагъэубыдащ еджакIуэ мини 3-м щIигъу.

ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м и ФСБ-м къыбгъэдэкIа лIыкIуэр, Черкесск къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Семёновэ Алинэ, МВД-м экстремизмэм, терроризмэм пэщIэтынымкIэ и Купсэм хэт, полицэм и капитан Пхъэш Иринэ, Черкесск къалэ мэрием егъэджэныгъэмкIэ и Управленэм и унафэщI Къалмыкъ Сусанэ, балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ муниципальнэ комиссэм жэуаплыгъэ зыхь и секретарь Юнусовэ Седэ, Покровскэ члисэм и иерей, Благочиннэм и дэIэпыкъуэгъу Якушев Игорь, КъЧР-м и муфтийм и дэIэпыкъуэгъу Апсэ Анзор, щIэныгъэхэмкIэ «Знание» Урысейпсо обществэм и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI Гъуэт Артур, психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я IуэхущIэ, «Знание» обществэм и ректор Семеновэ Файзурэ, егъэджэныгъэ, щIэнгъуазэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэ-унэтIакIуэхэр, психологхэр, социальнэ егъэджакIуэхэр.

БалигъыпIэм нэмысахэр, уеблэмэ нэхъыщIаIуэхэри, икъукIэ дихьэхауэ, «къыхэкI имыIэу» жыпIэми умыгъуэщэну, социальнэ сетхэм, Интернетым хэтщ. ЗэIущIэм зэрыщыжаIащи, пэжщ, абыхэм сэбэп, щIэныгъэ купщIэ, щызыгъэгъуазэ хъыбар куэд кърах, ауэ, жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ тхыгъэхэм сабийхэр, еджакIуэхэр зэрыдихьэхыр мащIэщ. И нэхъыбэу, зыхыхьэри яфIэгъэщIэгъуэнри зэран къэзыхь, мыхъумыщIагъэм, уеблэмэ, террорым, экстремизмэм хуэзыунэтI хъыбархэмрэ тхыгъэхэмрэщ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм анэ-адэхэр къыхураджащ я быныр я нэIэм щIагъэтыну, зыдихьэх, зэджэ, зызыщагъэгъуазэ псори яцIыхуну. Ухэзыгъэгупсысыхь лъэныкъуэщ: Интернетым изу итщ кIуэда ныбжьыщIэхэм ятеухуа гуIэ хъыбархэр. МэкIуэд, нэгъуэщIу тхужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ, я лъагъуи, я хъыбари къахуэмыгъуэту, здэкIуаи здэжаи ямыцIыхуу къалъыхъуэ, и нэхъыбэми нэщхъеягъуэкIэ и кIэр еух, куэдри наIуэ мэхъу абыхэм я акъылыр Iейм хуэзыунэтIа бзаджащIэхэр пэшэгъу къазэрыхуэхъуар.

Семинарыр къызытрагъэхъеикIа щIэупщIэныгъэм упщIэ куэд хэтащ сабийхэм бзаджагъэ, ткIиягъэ къахуэзыгъэуш щхьэусыгъуэхэм ятеухуауэ. Псалъэм папщIэ: «Фимыдиным, фимылъэпкъым фызэгуигъэпрэ, фигъэгубжьрэ?». ЩIэупщIэныгъэм хэта еджакIуэ мини 3-м щIигъум и нэхъыбэм, 2215-м «хьэуэ» жэуап иратами, Iуэхум къыхыумылъытэну Iэмал иIэкъым нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа цIыхухэм нэмыплъ езыт, уеблэмэ зэзымыпэсхэр щIалэгъуалэм зэрахэтым. Апхуэдэ къабзэщ, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм пщIэ хуащIу куэдым зэрагъэлъэгъуар, ауэ имылъэпкъэгъухэр пщIэрэ щIыхьрэ зыхуэпщI мыхъуну къэзылъытэхэри яхэтщ. Ар, атIэ, шынагъуэкъэ, зи ныбжь иджыри хунэмысам апхуэдэ гупсысэ къыщыхуэушкIэ?! А гупсысэм адэкIэ кIуэрабгъу тэрэз имыгъуэтмэ, и акъылыр нэхъри зыгъэутхъуэн нэхъыжь, «ущиякIуэ-унэтIакIуэ» къы-пэщIэхуэмэ, ипкъ къикIынур фIыкъым. Ап-щыгъуэм анэ-адэм, унагъуэм и мыхьэнэр инщ, быныр гъуэгу тэрэз тришэнымкIэ, хьэл-щэныфIхэр хилъхьэнымкIэ.

— БалигъыпIэм нэмыса ныбжьыщIэмкIэ япэм унагъуэм, къэралым, тхылъым, тхыдэм мыхьэнэшхуэ иIэт. Иджы соцсетхэр къебэкI хъуащ гъэсэныгъэ Iуэхум. Апхуэдэ щытыкIэм дыщитым, сабийм унагъуэм щилъагъум, щызэхихым гулъытэ тIуащIэ хуэтщIыпхъэщ. Унагъуэм фIылъагъуныгъэр, гулъытэмрэ гудзакъэныгъэмрэ зыхэзыщIа ныбжьыщIэм Iей ищIэнкIэ щыхъунур закъуэтIакъуэщ. Дэ ди быным дадэмылажьэмэ, даймылIалIэмэ, ар дипIэкIэ зыщIэн къыкъуэкIынущ, ауэ апхуэдэм мураду иIэнур нэгъуэщIщ, — жиIащ Семеновэ Файзурэ.

— УпщIэхэм я нэхъыбэм арэзы узыщI жэуап гъэхуа иратащ. Ауэ зы жэуап закъуэ нэхъ нэмыIэми, ткIиягъэм, нэгъуэщI цIыхум и диным, зыщыщ лъэпкъым емызэгъыу жэуап иратауэ къыхэмыкIами, ар гузэвэгъуэ уэзджынэщи, дытелэжьапхъэщ. ЗэщIыгъуу девгъэлэжь. Дэ, хабзэхъумэ къулыкъухэр, дыфщIыгъущ, дэ сабийм и Iей, детхьэкъуэн Iуэхукъым зетхуэр, атIэ, зэщIыгъуу, ныбжьыщIэм и псэ, игу, и акъыл щытыкIэ узыншэр дымыкъутэу, гъуэгу захуэм, тэрэзым зэрытедгъэхьэнращ дызыхуейр, — щIэупщIэныгъэм къигъэлъэгъуам тепсэлъыхьащ Пхъэш Иринэ.

Иужьрей къэхъукъащIэ гуауэр уигу къэмыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. НыбжьыщIэ псори зэхуэдэкъым. Щхьэж езым и хьэл-щэн, и жылагъуэ, и цIыху хэтыкIэ иIэщ. Ауэ «Крокус-Сити»-м — щIэта ныбжьыщIэ зыбжанэм къакъуэкIа лIыгъэр, цIыхугъэ лъагэр сабийхэм щапхъэ яхуэтщI хъуну апхуэдэщ. Езыхэр я псэ емыблэжу, хамэ цIыхухэр, гужьеяхэр щIэкIыпIэхэмкIэ яунэтIу, гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуу ныбжьыщIэ зыбжанэм Iуэхушхуэ зэрахьащ. Хэт ищIэрэ, апхуэдэ цIыхугъэм, граждан зэхэщIыкIыныгъэ гъунэншэм цIыху гъащIэ щэ бжыгъэ кърагъэлагъэнщ а пщыхьэщхьэ гуIэгъуэм.

Динырылажьэхэм пшыхьым къыщыхагъэщащ балигъри ныбжьыщIэри гъуэгу захуэ тришэнымкIи, и акъылыр игъэутхъуэнымкIи диным къаруушхуэ зэриIэр. КъытеувыIащ иужьрейм хуэдэ къэмыхъуным хуэунэтIауэ зэрахьэ Iуэхухэм.

— Сыт хуэдэу щымытми, балигъхэ, анэ-адэхэ, ди щхьэ къэдывмыгъэгъэпцIэж! И нэхъыбэм зэрыхъур аракъэ: ди тыншыгъуэр нэхъ къыхыдохри, сабийм сыхьэт бжыгъэкIэ телефоныр идогъэIыгъ, ныбжьыщIэр телефонкIэ зэджэми зэплъми зыщыдгъэгъуазэкъым, къэзэуат, хьэргъэшыргъэ дымыщIын щхьэкIэ. Ди щхьи, ди бынми дахуэвгъэсакъыж! Нэхъыбэрэ дызэвгъэпсалъэ, дызэкIэрывгъэс, быным и гукъеуи, и гуфIэгъуи, и гупсыси, зыдихьэхи зэдывгъэгъэцIыху, — жиIащ Якушев Игорь.

КъинэмыщIауэ, студентхэм, ВУЗ-хэм, еджапIэхэм ядэлэжьэныр нэхъри щIэгъэхуэбжьапхъэу, ныбжьыщIэхэм щапхъэ зытрахыпхъэ цIыху цIэрыIуэхэм яIугъэщIэныр сэбэп хъуну къилъытащ Апсэ Анзор.

Iэмал имыIэу, унагъуэм деж балигъхэр дыкIэлъыплъын, дыхуэсакъын хуейщ жытIэми, ди хьэл-щэнми. Апхуэдэ гупсысэр и купщIэу щытащ ФСБ-м къыбгъэдэкIыу семинарым къыщыпсалъэм жиIами.

— Сабийр ин жыIэ цIыкIу Iуатэщ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. АтIэ, ди хабзэщ унагъуэм къэралми, къэрал унафэми, политикэми, псоми дытепсэлъыхьыныр, дыхуэхъущIэныр. Апщыгъуэми, дегупсыскъым ар зэхэзых ныбжьыщIэм, сабийм къыхуэуш гупсысэм: «Ахьай, псори ещ, псори гуауэщ, пщIэ зыхуэпщI мыхъунщ…» — ирехьэжьэ акъыл зэмыпцIам, балигъыр дызэмыгупсысу къыджьэдэкIар езым нэгъуэщIу зэрегъэзахуэ, — жиIащ къулыкъущIэм.

Абы къыдэкIуэу къыхигъэщащ укъэзыгъэуIэбжь щытыкIэхэр. Нэхъыбэ хъуащ ныбжьыщIэхэм къапыкI, террор, экстремизм лъабжьэ зиIэ хабзэкъутэныгъэхэр. Уеблэмэ ФСБ къулыкъущIэм зэрыжиIащи, телевиденэм, Интернетым кърахам щапхъэ трахкIэрэ, IэщэкIэ узэдауэ теуэныгъэ ящIыну загъэхьэзыру зэпаудащ.

— «ИщIэну пылъащ» жыIэгъуэр пхыкIынукъым мыпхуэдэхэм деж. Террор, экстремизм зыщIэну мурад зыщIа къудейм, зызыгъэхьэзырам къыщIэкIуэнукъым, и ныбжьми емылъытауэ. Интернетым, канал мыхъумыщIэхэм «яукIым» хуэдиз зы Iэщэми иукIынукъым. Ар зыщывмыгъэгъупщэ, — жиIащ ФСБ-м хэтым.

Семинарым хэтахэм жаIар, утыку кърахьа гупсысэхэр къапщытэжащ, зы гъунэ иралъащ икIи дяпэкIэ зэфIахыну, зыхуэсакъыну лъэныкъуэхэм ехьэлIауэ зэгурыIуащ.

Шэч хэлъкъым, псалъэмакъыр нэхъри игъуэрэ сэбэпщ «Крокус-Сити»-м къыщыхъуам иужькIэ. Абы щIэта ныбжьыщIэхэм къалъыкъуэкIа лIыгъэм хуэдэщ щапхъэ зытрахыпхъэр.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Фэеплъ

# И лъэщагъыр щыгъэпщкIуар и щIэныгъэ куумрэ и цIыхугъэ лъагэмрэт

*XXI лIыщIыгъуэм адыгэ гъащIэм зи лъагъуэ IупщIу щыпхызыша, Iэужьыбэ-лъэужьыбэ хъуа адыгэлIщ КъБкъУ-м филологиемкIэ и институтым и кафедрэм и унафэщIу лэжьа, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, «КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща ЦIыпIынэ Аслъэн.*



Хэт зымыщIэжыр, хэт иримыгумэщIар илъэс 14 ипэ, ИлъэсыщIэ пэблагъэу ар гуузу зэрытхаукIыкIам. «Дунейр къызэригъэщIрэ лIыфI Iэджэ лъэпкъым фIэкIуэдащ», — жызыIэни щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ Аслъэн зыцIыхуам ар хужыIэнутэкъым, ар лъэпкъым и цIыху пэжт, абы хуищIэмрэ хуилэжьымкIэ зимыгъэнщIу псэут, аращ къыхуамыгъэгъуари…

Аслъэн Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Ашэбей (Малкэ) къуажэм дэт курыт еджапIэр фIы дыдэу къиуха нэужь, зы илъэскIэ е 11-нэ училищэм щеджащ икIи водитель-слесарь IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ дзэм дашащ. А къалэныр щытхъу къилэжьу ирихьэкIыу къигъэзэжа иужь, КъБкъУ-м урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Еджэнри университетым щекIуэкI Iуэхугъуэхэри ехъулIэу ирихьэкIащ ЦIыпIынэм. Абы къыдэкIуэу университетым жылагъуэ IэщIагъэмкIэ и факультетри къиухащ.

Лъэпкъ IуэрыIуатэр зэрыцIыкIурэ фIыуэ илъагъуу къэтэджами, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абы гу хуезыгъэщIар и егъэджакIуэ Тресков Ильящ. Диплом лэжьыгъэ итхын хуей щыхъум, Тресковым и чэнджэщкIэ щIалэм и лэжьыгъэр IуэрыIуатэм триухуащ. ЦIыпIынэм и лэжьыгъэм урыс частушкэхэмрэ адыгэ къебжэкIхэмрэ щызэпилъытри, абыхэм зэдайуэ яIэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэхэмрэ гъэщIэгъуэну къихутащ. Тресковым и фIыгъэщ ар 1984 гъэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым зэрыувар. Нало Заур и нэIэм щIэтурэ, абы щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и архив IэнатIэм щылэжьэн щIидзащ. Абы щIэлът щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм илъэс бжыгъэкIэ, 1949 гъэм къыщыщIэдзауэ ди щIыналъэм и жылэ псоми щызэхуахьэсу пленкэхэм трагъэтхэжа адыгэ уэрэдыжьхэр, псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр, таурыхъхэр — адыгэ IуэрыIуатэм лъабжьэ хуэхъу тхыгъэ псори. Аслъэн и къалэнт а магнитофон пленкэхэм тет псори къытритхыкIыну. ЦIыпIынэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, абы IуэрыIуатэмкIэ псори къыщищIар архивым щыхэлэжьыхьа илъэсищращ.

ЩIэныгъэ къулей зэзыгъэгъуэта щIалэщIэмкIэ хьэлъэжтэкъым ар зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр зэфIэхынри. 1987 гъэм ЦIыпIынэр щIэтIысхьащ Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым и аспирантурэм. Профессор цIэрыIуэ Долгат Уздият и щIэныгъэ унафэщIу, илъэсищым къриубыдэу, и кандидат лэжьыгъэр хьэзыр ищIри, Москва щыпхигъэкIыжат.

1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжа ЦIыпIынэр институтым щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу къащтэжащ, абы зэуэ пищащ IуэрыIуатэм ехьэлIа и къэхутэныгъэхэм. Абы хьэзыр ищIри утыку крихьащ «Адыгэхэм я мифоэпическэ хабзэхэр» доктор диссертацэр. ЩытхъушхуэзиIа а лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ РАН-м и Дагъыстан щIэныгъэ купсэм. Институтым и унафэщIым и жэрдэмкIэ, 2001 гъэм къудамэ зырыз ящIауэ щытащ литературэмрэ IуэрыIуатэмрэкIэ IуэхущIапIэм и IэнатIэр. Аслъэн къыхуагъэфэщащ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и унафэщI къалэныр. 2008 гъэм и гъатхэпэм ЦIыпIынэр КъБкъУ-м ирагъэблагъэри, филологиемкIэ институтым и кафедрэм и унафэщIу, Адыгэ щэнхабзэм и купсэм и пашэу щылэжьащ (иджыкIэ абы Аслъэн и цIэр зэрехьэ). ЦIыпIынэр апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэт. ЩIэныгъэрэ зэфIэкIкIэ зэIузэпэщ хъуа адыгэлIыр дяпэкIэт лъэпкъым щыхуэлэжьэнур, ауэ къыхупищакъым…

Аслъэн лъэпкъ тхыдэр къитIэщIыжт, ди блэкIам хэлъа дахагъэ псори къэкIуэну гъащIэм зэрыхипщэнум щIэхъуэпст. Налшыкрэ Щхьэлыкъуэрэ я зэпылъыпIэм абы щиухуэну зыщIэхъуэпсу щыта адыгэ лъэпкъ къалэм щытепсэлъыхькIэ апхуэдизкIэ уригъэхъуапсэти, уи гупсысэхэм дамэ къытрагъакIэт.

«Улъэщ-улъэщ» фIэщыгъэцIэм щIэту сабий таурыхъ щыIэщи, ар иухыху нэхъ лъэщыр къалъыхъуэ, къалъыхъуэ пэтми ягъуэткъым. АтIэ, гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэ щыгъэпщкIуащ а сабий тхыгъэм, гъащIэм зэпыу имыIэу нэхъ лъэщыр къыщалъыхъуэ, зэрытемыгъакIуэу зоныкъуэкъу, ауэ а лъэщагъыр щхьэж зыхилъагъуэр зэмыщхьщ, хэт мылъкум, хэт узыншагъэм, хэт быным, хэти къулыкъум. Аслъэн и лъэщагъыр щыгъэпщкIуар и щIэныгъэ куумрэ и цIыхугъэ лъагэмрэт, а фIагъитIым щхьэпрыкIын гуэри дэнэ щыбгъуэтын!

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м зы адыгэгукIэ нэхъ тхьэмыщкIэ дыхъуащ, ауэ а лIыукIхэм хаха псэм къыщIэна цIэ лъапIэм фочыпэм сыт хуещIэн?! ЦIыхур псэущ и цIэ къизыIуэн, и цIэ къыщIраIуэн иIэху. Аслъэн и IуэхущIафэ дахэхэм къанэмыщIа щIалитI къыщIэнащ (Идаррэ Уэздемыррэ). Ар ящыщтэкъым къуэфI зыхуэмыщ адэфIхэм. ЩIалитIми я цIэ фIыкIэ ираIуэ, я гъуэгу дахэ пхашыж. Идар джэгуакIуэ Iэзэщ, хьэгъуэлIыгъуэхэр екIуу ирегъэкIуэкI, щIэблэм анэдэлъхубзэ яIурылъу, хабзэ яхэлъу къэгъэтэджынымкIэ Iуэху щхьэпэхэр елэжь. Тхьэм хущIигъыхьэхэ!

**ЩОМАХУЭ Залинэ**

---

Лъэпкъ газетым гуащIэ ин щызыгъэтIылъа, КъЧР-м и цIыхубэ тхакIуэ ШОРЭ Ахьмэд «Ленин нур» газетыр илъэс 50 щрикъуам триухуа усэ

## Лъэпкъым и гупсэ

*Илъэс тхущI гъуэгуанэр*
*ЛIыгъэкIэ щIэбгъанэу,*
*ПщIыуэ лъэужь къабзэ*
*Нобэм укъэсащ.*
*Инщ къыппэплъэ гъащIэр,*
*ЦIыхухэм щхьэ пхэлъ гуащIэр,*
*Мыухыж гъуэгуанэр*
*Уэ пхузэIухащ.*

*Адыгэхэм я гупсэ,*
*Адыгэхэм я напэ,*
*ЩIыхь къэзылъэщауэ*
*«Ленин нур»,*
*Партым и бын щыпкъэ,*
*Пэжыр зи гъуэгупэ,*
*ГъащIэр зи IуэхуфIкIэ*
*Зыгъэнур.*

*Бэнэныгъэ инхэм*
*Уэ я гъуэгур щыпкIум,*
*«Ленин нур», куэд плъэкIыу*
*Ахэм уадэхъуащ.*

*Партым и мурадхэр*
*Уэ хэпхьащ цIыхубэм,*
*Партым и IуэхуфIхэр*
*Уэ дэбгъэзэщIащ.*

*Ди тхыбзэншэ лъэпкъым*
*И гукъеуэр пцIыхуу,*
*Iэмал зэхуэмыдэ*
*Куэдым уежэлIащ.*
*Псоми адыгэбзэр*
*Къабзэу къахэпхыжри*
*Абы хуей, хуэныкъуэ*
*ЦIыхухэм яптыжащ.*

*Уэ ущIэтщи партым*
*И гулъытэ нэсым,*
*ЛъэкIыныгъэу уиIэм*
*ДэнэкIи зашэщI.*
*Ленин и парт Iущым*
*Мыубзэщхъу и Iэщэ,*
*Уи илъэсхэр гуейуэ*
*ДяпэкIи хэгъэщI!*



Сурэт гъэтIылъыгъэхэр: редакцэм и лэжьакIуэхэу ГЪУЭЩОКЪУЭ Хъусин, ХЬЭГЪУНДОКЪУЭ Рэмэзан, АХЪМЭТ Мухьэдин, ШОРЭ Ахьмэд сымэ

---

Догазификацэ

## Гъуэзыр унэхэм иращэлIэнущ

Догазификацэ программэр гъэзэщIэным и къэухьхэм иту Къэрэшей-Черкесым 2024 гъэм щIыуэпс гъуэзыр хурашэлIэнущ унэ минрэ пщIанэм (1,1 тыс.)

Программэр Урысей Федерацэм и хэгъуэгухэм 2024 гъэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Новак Александр газификацэмкIэ федераль-нэ штабым щригъэкIуэкIа зэIущIэр.

Апхуэдэу, 2024 гъэм Къэрэшей-Черкесым щаухуэн я гугъэщ унагъуэ пщIантIэ 1132-м я гъуэз екIуэлIапIэхэр.

Социальнэ догазификацэм и программэр зэрырагъажьэрэ республикэм щыпсэухэм къатащ лъэIу 5175-рэ, абыхэм ящыщу 4655-мкIэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIри, ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэр зэлъэщIагъыхьагъэххэщ.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Зыхуэгъэзэныгъэм жыг хадэгъэкI зэгухьэныгъэхэр газификацэ щIын и лъэныкъуэкIэ къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащIэр.

**ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ**

---

IэщIагъэ

**«Профессионалы 2024» IэщIагъэ IэкIуэлъакIуагъэмкIэ Урысейпсо чемпионатым и хэгъуэгу Iыхьэр Черкесск къалэм дэт, Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ педагогическэ колледжым щекIуэкIащ. Ар IэщIагъэ зэхуэмыдэхэмкIэ ди республикэм и утыку 11-м щызэхэшащ.**

## ЕджакIуэхэм IэщIагъэм зыхуагъэхьэзыр

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Профессионалы» Урысейпсо чемпионатыр ику ит IэщIагъэ къыздыщIах еджапIэхэм илъэс етIуанэ хъуауэ щрагъэкIуэкI. Ар — зэпеуэ щытыкIэм иту ныбжьыщIэхэр лэжьакIуэ IэщIагъэхэм зэрыщыгъуазэр зэрызэхагъэкI Iуэхугъуэщ. ЗыхуэунэтIар ди къэралыр зыхуэныкъуэ лэжьакIуэ IэщIагъэхэм, ику ит егъэджэныгъэм и пщIэр къэIэтынращ, IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэхэр къэхутэн, адэкIэ абыхэм лэжьапIэ ягъуэтынымкIэ ядэIэпыкъунращ.




Педагогическэ колледжыр илъэситIми мы зэпеуэм хэтщ. Мы гъэм ар «Компетенция преподавания в младших классах» унэтIыныгъэмкIэ ирагъэкIуэкIащ.

— Ди колледжым деж япэрейуэ чемпионатым къыхыхьащ курыт еджапIэхэм щеджэ еджакIуэхэр. Ахэр я еджапIэхэм я жыджэрагъкIэ къахэщ, зэчий зыбгъэдэлъ творческэ ныбжьыщIэхэщ. Апхуэдэу, мы гъэм Черкесск къалэм и еджапIитхум зыкъагъэлъэгъуащ. Япэ щIыкIэ, езы щIыпIэхэм къыхахыжа еджакIуэ тхурытхур аргуэру зэпеуэжри, еджапIэ къэс зы нэрыбгэ къыбгъэдэкIыу хэгъуэгу Iыхьэм хэтащ.

Мыбы зыкъыщызыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэр хуабжьу жыджэрщ, Iуэхур яфIэгъэщIэгъуэнщ, я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуэным хуэпабгъэу къахуэув къалэнхэр ягъэзащIэ. Къапщтэмэ, еджакIуэхэм егъэджакIуэ IэщIагъэм апхуэдиз хацIыхукIкъым. Ауэ, зэпеуэм ипкъ иту, а IэщIагъэм нэхъ хэгъуэзауэ жыпIэ хъунущ, — къыджиIащ хэгъуэгу чемпионатым и эксперт-методист КIыщ Аминэ.

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIымрэ я зачиймрэ махуищым къриубыдэу Iыхьищу гуэшауэ къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу, я зэфIэкIыр ягъэнэIуащ КIытIэ Самирэ (№8 еджапIэ), ДыщэкI Аделинэ (№13 еджапIэ), Байчоров Дахир (№9 еджапIэ), Китеров Вадим (№6 еджапIэ), Байрамуковэ Миланэ (№12 еджапIэ) сымэ.

Абыхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъащ педагогическэ колледжым и егъэджакIуэ щхьэхуэхэр. Эксперт гупым я пашэу щытащ Карасовэ Iэминат. Ахэр, чемпионатым ипэ къихуэу, а лъэныкъуэмкIэ зэрылэжьэнымкIэ я щIэныгъэм онлайн щытыкIэу хагъэхъуащ.

Чемпионатым и хэгъуэгу Iыхьэм щытекIуахэр щагъэбелджылынур щIыпIэу хъуам щекIуэкI зэпеуэхэр иухмэщ. Абы къигъэлъэгъуар мэлыжьыхьым и 5-м иужькIэ наIуэ къащIынущ.

Хэгъуэгу зэпеуэм щытекIуэхэр адэкIэ лъэпкъ къыхэхыныгъэ Iыхьэм хэхуэнущ. Ар мы гъэм, бжьыхьэм, пхъэидзэкIэ къыхахынурэ, ди къэралым и къалэшхуэ гуэрым щрагъэкIуэкIынущ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

---

МахуэщIымкIэ

## Псым дыхуэвгъэсакъ

Псы хэкIыпIэхэм я Дунейпсо махуэм Къэрэшей-Черкесым и Iэташхьэ Темрезов Рэшид республикэм щыпсэухэр къыхуриджащ псым хуэсакъыну.

— Гъатхэпэм и 22-м дунейм и къэрал куэдым щагъэлъапIэ псы хэкIыпIэхэм я Дунейпсо Махуэр.

Гуэл дахащэхэр, псыежэх уэрхэр, псыкъелъэ гъуэзэджэхэр Къэрэшей-Черкесым и щIыуэпс къызэрымыкIуэм къыхэпх мыхъун и Iыхьэщ. Псы хэкIыпIэхэр – ди беягъэщ, ахэр цIыхум и гъащIэм, узыншагъэм, зэIузэпэщым я къыхэкIыпIэщ. Дэ псоми ди зэхуэдэ къалэнщ ахэр къытщIэхъуэ щIэблэм хуэтхъумэныр.

Си хэкуэгъу лъапIэхэ! Дызэгъусэу псым дыхуэвгъэсакъ! Шэч къытесхьэкъым дызэгъусэу ди республикэмрэ Урысей псомрэ я псы хэкIыпIэхэр зэрытхъумэфынум! — телеграмканалым щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

---

Гуманитар дэIэпыкъуныгъэ — СВО

## ЗауэлIхэр зыхъуэныкъуэр

Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIыу гуманитар дэIэпыкъуныгъэр нагъэсащ Белгородскэ областым.

КъЧР-м и Iэташхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ, абы псы къабзэ тонн 12 хурагъэшащ.

А Iуэхур къызэрагъэпэщащ УФ-м и сенатор Салпагаров Ахъмэт, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Узденов Солтан, «Зыуэ щыт Урысей» хэгъуэгу партым, КъЧР-м щыIэ Урысейм и МЧС къулыкъум жэуэ.

2022 гъэм и мазаем щыщIэдзауэ Къэрэшей-Черкессым къыбгъэдэкI гуманитар дэIэпыкъуныгъэр зэпыукъым. А пIалъэм къриубыдэу, Темрезов Рашид и пашэу ди республикэм къыщызэрагъэпэща, зауэлIхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ зыуэ щыт республикэ Штабым зауэ операцэ хэхар здекIуэкI щIыпIэм, ди хэкуэгъухэм здакIэлъыплъ уIэгъэщхьэм тонни 100-м щIигъу гуманитар дэIэпыкъуныгъэу хурагъэшагъэххэщ.




**Ди корр.**

---

ГуащIэдэкI зэхущытыкIэхэр

## Спортсменхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ

Спортсменхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я лэжьыгъэм гъэпсыкIэ щхьэхуэ иIэщ. Абыхэм я гуащIэдэкI зэхущытыкIэхэр зэрегъакIуэ Урысей Федерацэм и ГуащIэдэкI Кодексым (ТК РФ гл.54.1). Мы лэжьакIуэхэми гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ хабзэщ. Апхуэдэ лэжьакIуэхэм гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ зэрызэраухылIэр, абы зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьэр, ар зэракъутэжыр къыщыгъэлъэгъуащ ищхьэкIэ къитIуагъэххэ ГуащIэдэкI Кодексым и 54.1 Iыхьэм. Спортсменхэр нэгъуэщI лэжьапIэтым щыхуагъэкIуэжкIэ, зэхущытыкIэхэр яухуэ ГуащIэдэкI Кодексым и 348.4 статьямкIэ, спорт федерацэхэм я регламент тхылъхэмкIэ.

Спортсмену къалъытэ спорт зэпеуэхэм зыхуагъэхьэзырыным, абыхэм хэтыным зи Iуэхухэр епха лэжьакIуэхэр.

ГъэсакIуэхэр – спортсменхэр зэпеуэхэм хуэгъэхьэзырынымрэ абыхэм хэгъэтынымрэ, спорт къыпэкIуэныгъэхэр зыIэрагъыхьэным пылъ лэжьакIуэхэщ.

Спортсменхэм гъэ къэс къатохуэ лейуэ лъагъэс пщIэ зыщIат отпуск. Абы и кIыхьагъыр къыщыгъэлъэгъуащ коллектив зэгурыIуэныгъэм, мардэ тхылъхэмрэ гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэмрэ. Апщыгъуэми ар махуэбж махуи 4 нэхъ мащIэу хъунукъым.

ГуащIэдэкI кодексым балигъыпIэ имыува спортсменхэм яхуегъэув лэжьэгъуэ махуэ гъэкIэщIа:

— илъэс 16-м нэмысахэм — тхьэмахуэм сыхьэт 24-м нэс;

— илъэс 16-м щегъэжьауэ 18-м нэсхэм – тхьэмахуэм сыхьэт 35-м нэблагъэ;

— илъэс 18-м зи ныбжьыр нэмыса еджакIуэхэм — лэжьэгъуэ зэман мардэм и зэхуэдитI.

Апщыгъуэми, лэжьапIэтыр хуитщ балигъ мыхъуа спортсменхэр къулыкъу командировкэ игъэкIуэну, мардэм и лейуэ, жэщым, зыгъэпсэхугъуэ, мылэжьэгъуэ, махуэщI махуэхэм игъэлэжьэну. Апхуэдэм деж ар къыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ коллектив зэгурыIуэныгъэм, мардэ тхылъхэмрэ гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэмрэ.

ЛэжьапIэтым и ахъшэкIэ спортсменхэр, гъэсакIуэхэр къызэригъэпэщын хуейщ спорт щыгъынхэмкIэ, спорт оборудованэмрэ нэгъуэщI IэмэпсымэхэмрэкIэ, мылъкутехникэ IэмалхэмкIэ.

Спортсменыр и гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа спорт Iуэхухэм къахэкIа фэбжьым и ягъэкIэ пIалъэкIэ щымылэжьэфым деж, ар зэрымылажьэм папщIэ ират пособэр лэжьапIэтым и мылъкукIэ нигъэсыжын хуейщ ику иту къихьу щыта улахуэм.

Уней хыхьэхэкIыу щымыт цIыху щхьэхуэхэм (физические лица) хуитыныгъэ яIэкъым, лэжьапIэту къэуву, спортсменхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ дащIыну.

**БАЙРАМКУЛОВ Б., КъЧР-м и гуащIэдэкI инспекцэм и унафэщI**

---

Профсоюз Зэгухьэныгъэ

## Первомай пэкIур

Гъатхэмрэ гуащIэдэкIымрэ я Махуэ накъыгъэм и 1-р мы гъэм «Къэрэшей-Черкес республикэ профсоюз Зэгухьэныгъэм» и Советым зэIущIэ щIыкIэу иригъэкIуэкIынущ. Профсоюзхэр ирипсэлъэнущ ФНПР-м и XII зэIущIэм и къэпщытэжыныгъэхэм. Апхуэдэ унафэр гъатхэпэм и 27-м къихьащ КъЧР-м и профсоюз Зэгухьэныгъэм и Президиумым.

Акцэр екIуэкIынущ «Достойный труд каждого — гарантия благополучия семьи и развития страны!» къыхуеджэныгъэм щIэту. Абы ящIэжьууэу щытынущ «Работающий человек не должен быть бедным!», «Здоровый работник — счастливая семья!», «Профсоюзы — за единую модель оплаты труда бюджетников!», «Профсоюзы — за прогрессивную модель налогообложения!», «За нулевой налог на доходы ниже МРОТ!» къыхуеджэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

Республикэм и профсоюз Зэгухьэныгъэм и пашэ Айбазовэ Раисэ къызэрыхигъэщащи, Первомай акцэр ирагъэкIуэкIынущ властым, цIыхухэм я гулъытэр къэралым и зыужьыныгъэмкIэ упщIэ нэхъыщхьэхэм хуаунэтIын папщIэ.

«Советым и зэIущIэм къедгъэблэгъэнущ ди социальнэ гуэгъухэр — Правительствэм, хыхьэхэкIырылажьэхэмрэ лэжьапIэтхэмрэ я Союзым и унафэщIхэр. Апхуэдэ щытыкIэм лъэкIыныгъэ къыдитынущ гуащIэрылажьэхэм яхьэлIауэ щыIэ лъэпощхьэпохэм тегъэчынауэ дрипсэлъэну, Iуэхум сэбэп хуэхъун Iэмалхэр зетхьэну», — жиIащ Айбазовэ Раисэ.

Президиумым хэтхэм арэзыуэ зэдащтащ профсоюзхэм я пашэм и къыхэлъхьэныгъэри, Советым и зэIущIэшхуэр щрагъэкIуэкIынур мэлыжьыхьым и 26-м зэрытраубыдари, а махуэм зыхэплъэну упщIэхэри.

Президиумым и зэIущIэм 2023 гъэм ялэжьар къыщапщытэжащ, упщIэ куэдми хэплъащ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Адыгэ дуней

# Сангу Эльчин адыгэщ



ЗэвгъэцIыху Тырку къэралыгъуэм щыцIэрыIуэ актрисэ, адыгэ пщащэ нэс Сангу Эльчин. Пщащэ тхьэIухудым и къэпсэлъэныгъэхэм язым зэрыадыгэр щыжиIэм и мызакъуэу, къызыхэкIа лъэпкъым и хабзэ дахэхэм, зыщIапIыкIа гъэсэныгъэм уигъэгушхуэу щытопсэлъыхь.

«Узэрыадыгэр зэхэтхащ, иджы адыгагъэу пхэлъым тхутепсэлъыхь», — жиIэу корреспондентым зыкъыщыхуигъазэм, Эльчин абы пидзыжащ: «Адыгэ хабзэм цIыхум хилъхьэ хьэл-щэн дахэ псоми къадэкIуэу, сэ зы мыгъуагъэ схэлъщ. Нэхъыжь щыту псалъэхэм, зи лъакъуэ зэтезыдзэхэм, нэхъыжь зыщIэс пэшым я щIыбагъ ягъазэу щIэкIыжхэм си нэр тедияуэ сакIэлъоплъ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар сэ сызыхуагъэсам куэду пэжыжьэщ».

«Укъыщыгубжьхэм деж, сыт хуэдэ псалъэкIэ уигу бгъэзагъэрэ, ухъуанэрэ?», — къыкIэлъыкIуэу щыщIэупщIэкIэ:

«Сэ сыадыгэщ! Адыгэ пщащэ хъуанэркъым!» — ет Эльчин жэуап гугъэзагъэ.

...«Бесценное время» (2010 гъэ), «Какой размер носит любовь» (2013 гъэ), «История одной любви» (2013 гъэ), «Курт Сеит и Александра» (2014 гъэ), «Любовь моя, Алабора» (2015 гъэ), «Повергнутый любовью» (2015 гъэ), «Любовь напрокат» (2015 гъэ), «Останься со мной» (2017 гъэ), «Дело девушки» (2017 гъэ), «Время счастья» (2017 гъэ), «Безжизненные» (2018 гъэ), «Столкновение» (2018 гъэ), «И в печали, и в радости» (2020 гъэ) — мы кинофильмхэм щигъэзэщIа ролхэмкIэ цIэрыIуэ хъуа Эльчин 1985 гъэм Тыркум хыхьэ Измир къалэм къыщалъхуащ. «Класс нэхъыщIэхэм сыщIэсу арат си адэ-анэр щызэбгъэдэкIыжам. Нобэ хуэдэу сощIэж ар къызэрызэхьэлъэкIар. Си адэ-анэм анэкъилъху куэду яIэти, дыщыпсэу пщIантIэм цIыхушхуэ дэст. Къэзышэр хэкIым, яшэр дэкIыурэ, пщIантIэм си анэмрэ сэрэ ди закъуэ дыкъыдэнат. Дэ тIум ди псэр зы чысэм илъым и мызакъуэу, зэщыдбзыщI щымыIэу, зэныбжьэгъуфIым хуэдэу дыщытащ. Ар ныбжьышхуэ дызэримызэхуакур арагъэнт зи фIыгъэр. Дунейм сыкъыщытехьам, си анэр илъэс 18 хъууэ арат. Си адэ шыпхъухэри щIалэ дыдэти, сэ си закъуэу зэи къысщыхъуакъым.

## И сабиигъуэр

Иджыри сабийуэ гурыIуэгъуэ хъуат Эльчин гъуазджэм, щэнхабзэм я цIыхуу зэрыщытыр. Ар дохутыр, е псалъэм папщIэ, инженер хъуну зэи щIэхъуэпсакъым, ауэ дахэ дыдэу сурэт ищIт, къафэм хэтт, уэрэд жыIэныр фIэфIт. Абыхэм языхэз къыхихынри пщащэм дежкIэ тыншу щытакъым. Колледжым щIэтIысхьэн хуей щыхъум, тегушхуэри, макъамэмкIэ къудамэм кIуащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, псоми ягъэщIагъуэу абы телъ щхьэц гъуаплъафэ дахэр зэрыримыIар. ЗэрыжаIэмкIэ, ар и адэм и лъэныкъуэкIэ кIуэжащ.

## IэщIагъэр

Сангу Эльчин Мерсин университетым хыхьэ колледжхэм язым оперэмкIэ и къудамэр къиухащ. ИужькIэ, 2000 гъэм, Йедитепе университетым изобразительнэ гъуазджэхэмкIэ и факультетым щеджащ.

## ГъащIэм и къэгъэшыпIэхэр

«ЕджапIэр къэзуха иужькIэ, зыгуэрым зеспщытыну сытемыгушхуэу унэм сыщIэст. Шэч хэмылъу, си анэр абы иригузавэт, Iуэху гъэщIэгъуэнхэм сыдригъэхьэхын папщIэ хузэфIэкI къигъанэтэкъым. Зэгуэрым, абы театрым теухуа тхылъ цIыкIу къысхуихьати, семыплъыххэу пэгуныжьым издзат. АрщхьэкIэ си анэр абы къигъэувыIакъым»...

Арати, Эльчин къепсэлъэну кино тезых гупым ирагъэблагъэ. Хуей-хуэмейуэрэ абы пщащэр макIуэ, икIи режиссёрым мащIэу йохъурджауэри, Iуэхур адэкIэ мыкIуатэу къонэ. Кином зи насып хэлъ Эльчин куэд дэмыкIыу «Бесценное время» фильмым ирагъэблагъэ. Ауэ ар цIэрыIуэ щыхъуар «Любовь напрокат» телесериалым хэта иужькIэщ.

## Хьэл-щэныр

Эльчин цIыху нэфIэгуфIэу, зэхэщIыкI зыхэлъу, псори нэгъэсауэ зыщIэ пщащэ гумызагъэу, укIытэхыущ къэзыцIыхухэр зэрытепсэлъыхьыр.

«Сыкъыщыгубжьхэм деж, дапщэщи сыхущIокъу псори гушыIэм хуэзгъэкIуэну. Ауэ си пIэ сыкърашмэ, си гъуэгу къытехьэм сыщысхьынукъым. Сыщынэщхъейхэм деж зыри слъагъуну сыхуэмейуэ си гур зэхузощIри, япэ махуэхэм псори езыр-езыру зызогъэзахуэ. Ауэ кино щытетххэм деж апхуэдэу зысщIкъым, абдеж си гукъыдэжри нэгъуэщIщ. ИужькIэ, унэм сыкъэкIуэжмэщ хуиту нэщхъеипIэ щызгъуэтыр. ИтIанэ, сэ гурыгъуазэ лъэщ сиIэщ: къэхъунур пщIыхьэпIэкIэ къызощIэ куэдрэ».

Эльчин зыхэтхэм тыншу дзыхь яхуэзыщIхэм ящыщкъым, ауэ абы цIыхур гъунэгъу зыхуищIамэ, и псэм щыщ мэхъу.

И зэфIэкI псоми къинэмыщIауэ, Эльчин икъукIэ пщафIэ Iэзэщи, зэман къыщыхудэхуэм пщэфIапIэм къыщIэкIкъым.

Зи зэфIэкIкIэ, дахагъэрэ щэныфIагъкIэ адыгэ лъэпкъым и цIэр къизыIуэ, къызыхэкIар зыщымыгъупщэу абы и пщIэр зыIэт ди шыпхъу гуащIафIэр нэхъри ефIэкIуэну, и Iуэху дахэ хъуну сохъуэху!

**ЩОМАХУЭ Залинэ**

Къабзагъэмрэ зэIузэпэщымрэ

# Щэбэт щIыхьэхухэр яублэ

Гъатхэр къыщихьэкIэ Къэрэшей-Черкесым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щаублэ зэщIэкъуэныгъэ, гъэкъэбзэныгъэ Iуэхухэр. Республикэм щыпсэухэр жыджэру хэтщ щIыуэпсхъумэ хьэрычэтхэм.

Республикэпсо щэбэт щIыхьэхур мэлыжьыхьым (апрелым) и 26-м траубыдами, тхьэмахуэ икIам волонтерхэр убгъуауэ и ужь ихьащ щэбэт щIыхьэхухэр зэхэшэным.

Республикэ къалащхьэм щызэхэтащ къалэдэс 500-м щIигъу зыхэта къалэпсо щэбэт щIыхьэхур. ЗэщIэкъуэныгъэ Iуэхум и къэухьхэм иту, къалэдэсхэм къызэщIакъуащ кIэрыхубжьэрыху тонн 45-рэ, ягъэкIуэдыжащ хабзэншагъэкIэ къызэрагъэпэща пхъэнкIий идзыпIи 126-рэ. ЗызэщIакъуащ Къэрэшей, Уарп, Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбэз муниципальнэ районхэми.

Ари фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэрэшей-Черкесым щаублащ «Вода России» акцэм епха Iуэхухэри.

ЗэщIэкъуэныгъэ Iуэхухэм, щэбэт щIыхьэхухэм хэтынкIэ, абыхэм я къызэгъэпэщакIуэу къэувынкIэ мэхъу абы гукъыдэж хузиIэ дэтхэнэри. Абы папщIэ кIэлъыплъын хуейщ Къэрэшей-Черкесым щIыуэпсымкIэ и Министерствэм Телегерам, ВК, Одноклассники напэкIуэцIхэм къытридзэ хъыбарегъащIэхэм. ЗэщIэкъуэ Iуэху зэхэпшэ хъунущ **iekolog@mail.ru** сайтым утхэу, узыхуэныкъуэну Iэмэпсымэхэр зыIэрыбгъыхьэу.

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**


ГАЗПРОМ

# ЩIыуэпс гъуэзым фыхуэсакъ!

P

Ставрополь хэгъуэгум щыщ Кочубеевскэ, Андроповскэ, Минераловодскэ жылагъуэхэм, Невинномысск, Черкесск къалэхэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Усть-Жэгуэтэ, Къэрэшей, Прикубан, Хьэбэз, Нэгъуей, Адыгэ-Хьэблэ, Зеленчук, Абазэ районхэм якIуэцIрыкI, щIыуэпс гъуэз зрикIуэ бжьамийхэм кIэлъыплъыр Невинномысскым и ЛПУМГ къулыкъуращ. Мы бжьамийхэм давленэшхуэ яIыгъщ метр зэбгъузэнатIэм килограмм 55-рэ техуэу. Абы къыхэкIкIэ, бжьамийхэр зыгуэркIэ зэпаудмэ, зэранышхуэ къикIынкIэ шынагъуэщ, цIыхухэми, гъунэгъуу щыт псэуалъэхэми къахухэкIыу. Апхуэдэ къутэныгъэхэм къахэкIкIэ, бжьамийхэр къыщыуэ, мафIэшхуэу къыщылыбыр куэдщ. Абы папщIэ, къэрал хабзэм егъэбелджылы апхуэдэ бжьамийхэм я шынагъуэншагъэр, тхьэмыщкIагъэ къызэрамыхьын щытыкIэхэр.

Бжьамийхэм зэран яхуэмыхъун папщIэ, къэрал хабзэм (СниП 2.05.06.-85) ипкъ иткIэ, ухуэныгъэ ирагъэкIуэкIхэр метр 350-кIэ бжьамийхэм япыIудзауэ щытын хуейщ дэнэ лъэныкъуэкIи. Ар «зона минимальных расстояний» жыхуиIэращ, абы къызэщIиубыдэ щIыгум зыри ипщIыхь хъунукъым, бжьамийхэр зи нэIэ щIэт, Невинномысск дэт «Производственное управление магистральных газопроводов» къулыкъум и арэзыныгъэ тхылъ уимыIэу. Апхуэдэ бжьамий зыщIэлъым деж уэзыгъащIэ нагъыщэхэр гъэбелджылауэ тетщ.

**ПщIэ мыхъунухэр:**

ЩIыгущхьэм щышэщIа бжьамийхэм утеувэ хъунукъым, псалъэм папщIэ, абыхэм утету псым здызэпрышамкIэ урикIуэ хъунукъым. Бжьамийхэм япэгъунэгъуу мафIэ пщIы, ахэр къэзыухъуреихь бжыхьэр пкъутэ хъунукъым. ЩIыуэпс гъуэзыр бжьамийм къиутIыпщу къэфщIыхумэ, Невинномысск дэт ЛПУМГ фыкъэпсалъэ мы телефонхэмкIэ: **8-865 54-6-52-93** (диспетчер), **8-865 54-6-53-63, 8-865 54-3-99-87** (коммутаторым и телефонист).

«Правила охраны магистральных трубопроводов» хабзэм ипкъ иткIэ, «охранная зона» къэухьыр щыгъэбелджылащ бжьамийм и къэухьым къриубыдэ метр 25-м.



**А къэухьым щыпщIэ мыхъунур:**

Зи гугъу тщIа къулыкъум и арэзыныгъэ дэфтэр уимыIэу, ухуэныгъэ, гъэтIылъыгъэ, машинэ щытыпIэ е нэгъуэщI лэжьыгъэ щебгъэкIуэкI хъунукъым. АбыкIэ арэзыныгъэ къаIифхынумэ, фыкъэпсэлъэфынущ, Невинномысск дэт ЛПУМГ-м: **8 865 54-6-52-93** (диспетчер), **8 865 54-6-53-63, 8 865 54-3-99-87** (коммутаторым и телефонист), здэщыIэр - **Комбинатская 16 уэрамым, п/о 14, п/я 22.**

Бжьамийхэм зэран хуэхъуахэм къыхузэIуахынущ къэрал Хабзэхэм къагъэув уголовнэ Iуэху. Уголовнэ кодексым къызэригъэувымкIэ:

1. Федеральнэ Хабзэ зи № 420, 07.12.2011 гъэм къыдагъэкIам ипкъ иткIэ, зэран хамэ мылъкум епхамэ, къотхьэкъуэ сом мин 40-кIэ, е мазищым кълиубыдэ лэжьапщIэкIэ, е сыхьэт 360-м кълиубыдэ хэгъэзыхьыгъэ лэжьыгъэхэмкIэ. Апхуэдэ къабзэу, хуитщ мазищым щыщIэдзауэ илъэситIым нэскIэ уаубыдынуи.

2. А Iуэхугъуэ дыдэхэр узэрану пщIамэ, мафIэс щIэбдзамэ, къэбгъэуамэ, нэгъуэщI цIыхум зэрымыщIэкIэ фэбжь епхамэ, е хэкIуэдамэ, ухагъэзыхьу илъэси 5-кIэ уагъэлэжьэну е апхуэдизкIэ уагъэтIысыну хуитщ.

2003.12.08-м къыдэкIа, зи № 162-м Федеральнэ Хабзэм къызэригъэувымкIэ, хамэ мылъкум зэрымыщIэкIэ зэран епхамэ, къотхьэкъуэн хуитщ сом мини 120-кIэ е зы илъэс лэжьапщIэкIэ. Апхуэдэ къабзэу, хэгъэзыхьыгъэкIэ уагъэлэжьэнущ сыхьэт 480-кIэ е илъэскIэ, апхуэдизкIи уагъэтIысыфынущ.


# ТЕЛЕПРОГРАММЭ

мэлыжьыхьым (апрелым) и **1-7**

## ПОНЕДЕЛЬНИК 1

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Очаг». Семья Керейтовых из аула Икон-Халк. (ног.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 21 серия (16+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 1 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ВТОРНИК 2

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Отчий край». а. Жако. (черк.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Долина чарующих звуков». Певец Кавказа. О поэте М. Лермонтове. (черк.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 22 серия (16+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 2 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## СРЕДА 3

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Народные традиции». Круглый стол о проблемах языка, истории и культуры карачаевского народа. 3 часть. (карач.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Пусть меня научат» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 23 серия (16+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 3 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ЧЕТВЕРГ 4

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Мудрость лет». Председатель Совета старейшин а. Кара-Паго Х. Биджиев. (абаз.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Спорт и мы». (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Королева игры» 24 серия (16+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 4 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ПЯТНИЦА 5

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». (6+)**
**9.15-Местное время. «Специальный репортаж». (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». К Всемирному Дню здоровья. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Понят. Простить»
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека»
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 5 (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## СУББОТА 6

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». Женские штучки. (0+)**

**АРХЫЗ 24**

00:00 «Акцент на события» (12+)
00:10 Х/Ф «Понять. Простить» 1;2 серия (16+)
01:05 «Здоровье» (12+)
01:30 Архыз 24» представляет: «События дня» (12+)
01:55 «Чат вдвоем» (16+)
02:55 Х/Ф «Падение Римской империи» 1 серия (16+) субтитры
04:25 Архыз 24» представляет: «Концерт: Play Vinul Band» (12+)
05:30 «События дня» (12+)
06:05 «Ваше право» (12+)
06:30 «Нур» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» программа (16+)
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Белка и Стрелка. Карибская тайна» (6+)
15:20 Мультфильм «Смешарики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Концерт: Play Vinul Band» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Поменяться местами» (16+)
23:50 «Музыка» (16+)

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 7

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели». Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

00:00 Концерт «Смысловые галлюцинации-25 лет» (16+)
01:20 «Лига эрудитов» (12+)
01:55 «Кавказская десятка» (16+)
02:55 Х/Ф «Падение Римской империи» 2 серия (16+) субтитры
04:30 Д/П «Легенды науки» (16+)
05:15 «Ваше право» (12+)
05:30 «С чего начинается Родина» (12+)
05:40 «Мой аул» (12+)
06:05 «Архызский лик» (12+)
06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Красная шапочка. Онлайн» (6+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Я здесь был» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Безымянная звезда» (12+)


Черкес хэку

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ